

**Pembantoe sareng agen:**  
 Priangan koelion  
 Bestuur Pasoendan Bogor.  
 di Tjandjoer  
 Bestuur Pasoendan Tjandjoer.  
 Priangan tengah  
 H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjilak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja

**Pembantoe sareng agen:**  
 Priangan wetan  
 Bestuur Pasoendan Tjiamis.  
 Djawa wetan  
 Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaya.

**Redakteur:**  
 SOETISNA SENDJAJA  
 ATMAWINATA  
 Redakteur di Batawi  
 SOERADIRADJA.

**KARANGAN** adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.  
 POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasih. . . . f 1,50 Dibajar tipjoen. Salambar 15 sen.

**Pangaos ADVERTENTIE:**  
 1/16 katja f 2,50 } Sakali mozat  
 1/32 " f 1,50 } dibajar ti pajoen  
 Langganan langkoeng mirah.

**GEVRAAGD.**

Met ingang van 1 Juli 1928 een leerkracht met akte Wiskunde L. O. voor de te openen gesubsidieerde Muloschool der vereeniging PASOENDAN te Tasikmalaja.

Gouvernementsvoorwaarden + f 25.— toelage 's maands.

Stukken zoo spoedig mogelijk te richten aan het Bestuur Pasoendan te Tasikmalaja.

Inlichtingen ook te verkrijgen bij den Heer Hildering Consulent van den Bond van Neutrale schoolvereenigingen Kramat 164 Weltevreden.

**Gesubs. Neutrale Muloschool der Vereeniging „Pasoendan” te TASIKMALAJA.**

Opening met 1 Juli a. s. Aangifte van leerlingen voor de voorklassen en de Eerste klasse voor 1 Juni 1928, door bemiddeling van de Hoofden van Scholen, onder overlegging van een verklaring en afschrift rapport.

Toelatingsexamen voor leerlingen zonder verklaring voor Voorklas en Eerste klas op Maandag 11 en Dinsdag 12 Juni 1928, aangifte daarvoor voor 1 Juni '28, onder vermelding van den leeftijd.

Zich schriftelijk aan te melden bij den Heer J. L. Amerika te TASIKMALAJA.

Het Schoolgeld zal bedragen Gouv. tarief + f 2,50.

**Ngaloearkeun tanah.**

Pikeun bangsa orang, noe kahiroe panana babakoena tina tatanen, tanah teh sarat noe pangnume nomerna. Teu koedoe heran, oepama orang desa pohara nengetkeunana dina lebah Pamarentah ngaloearkeun tanah pikeun kaperloeanana kontrakan-kontrakan.

Tjeuk noe njaho, kawadajiban Pamarintah noe pang poharana geusan nga djaring hoerip hiroepna si Leutik, aja rengkolna dina oewet. Malah tjeuk wet teu bisa dikaloearkeun tanahna, oepama katimbang sumah perloe make ata tanah.

Poegoe pisan dina saban-saban rek ngaloearkeun tanah oge, rahajat koedoe bae ditanja heula aja benteuna kaburatap, lamoen tanah rek didjieu erpah. Bisa tjadi aja, bisa djadi oge teu aja kabeuratan.

Dina enjann teu ajana, nja teu sakara-kara. Tapi dina lebah aja kabeuratan, sok aneh si aja djadi teu aja, lebah dieu teu koedoe dibedjer beas keun. Oerang priboemi tangtoe geus terang, kapan koe rindat saeutik oge geus tjoekoe pikeun ngarobah aja djadi teu aja. Siga noe soelap.

Ari noe ti leheor mertjajakeun ka na timbanganana noe ti handap. Tatalapa, loehoer, handap, leuwih handap, panghandapna.

Bisa kadjadian „panghandapna” asal moeasal nimbang oelah dikaloearkeun, tapi koe kersana „leuwih handap” lantaran aja kitoe djeung kieu, saboleh boleh koedoe bisa kaloear, nja lapoe arpisna teh tibalik lemah: tidak ada kaberatan, ajeuna mah.

Oerang noe njaho seloek beloekna hiroep koemboeh oerang, estoe ngan oekoer manghandjakalkeun. Soesah koedoe koemaha! Sabab loba noe kapaksa koedoe soelap, lantaran mihape keun beuteung. Alhasil koedoe bisa koemawoela.

Sanadjan dina sanoebarina keueuh

jakin pangaloeahna dikaloearkeun, tapi beuteung sok maksa koedoe nilik kana denglekna topi, ngawas-ngawas gi lerna solja.

Salah memang! Tapi da djelema boetoe, apa boleh boeat, oelah rek disalahkeun teuing, hartina koedoe di maloem ieu teh tjeuk pikiran saliwat noeroetkeun rasa kakaroenjaan. Tapi tjeuk kawadajiban koedoe ngabeulakeun kaperloean oemoem, batan kaperloean sadjelemaeun, anoe tangtoe sikep pantar kitoe koedoe diperangan. Tapi koemaha akalna, da poegneh naraga ditjarek mah saha noe pinjarekeun, dielingan mah aja. . . . koe s' erat kabar. Oro kaja beuteung tea. Toeroeg? aja kadjadian loeloeher bang sa priboemi sok kaliwat-liwat, tara di babawa tina hal ngaloearkeun tanah.

Oerang njokot tjonto. Dina waktos vergadering Tjabang Pasoendan Tasik djrg. Hardjo Proewito, parantos njari-oskeun kieu:

Di bawahan Bandjar Pamarentah bade ngaloearkeun tanah. Djisim koering kadoengkapan koe pirang pirang djelema noe marenta toeloeng, soepaja engke dina koempoelan di Kawadanan dipang njarioskeun, jen maranehanana aja kaburatap. Dina proeng na koempoelan, koering nepi ka tiloe kali menta njarita, nja eta rek ngadjarkeun kaburatna somah. Tapi saban rek njarita, tjeuk toean Kontro lir. „Bapa Ardjo, ieu lain koempoelan Raad Kaboepaten. Bapa Ardjo teu meunang njarita. Engke bae sasalse-na Koempoelan.”

Ieu tjonto ka oerang koedoe djadi bidji masalah pikiraneun.

Naha si somaha bet teu njarita ka Pamarentah panghandapna” tea, boektina Loerah, ngadjentrekeun kaburatna?

Ari ieu bet anggoer bereng beng menta toeloeng ka djrg. Hardjo!

Oepama somaban njarita ka Loerahna, naha Loerahna tet teu noeloej-keun kaburatna ka djoeragan Tja-

mat?

Naha djrg. Tjamat teu nalingakeun bener bener kana kaperloeanana raha jat?

Djeung rea rea deui pertanjaan anoe sedjen, noe patali djeung perkarana ngaloearkeun tanah, anoe gampanging hese ngadjawabna.

Ajeuna koemaha akalna sangkan djadi beresna, da geuning kitoe galoe na tjatoer, boekti boekti noe mere harti.

Somahan teu beunang disalahkeun oepama teu rek waktja balaka, da cerang njaho, sok loba roepa roepa akal soepaja somahan nepi ka bosen na nembongkeun kaburatna, antoekna nepi ka soemoehren, pasrah arit. Geu niug koe djrg. Koesoemo Oetojo, wak toe Inl. Bestuurskongres aja noe disiboet „afmat systeem”.

Noe djadi Loerah djeung saloehoe reunana sok aja noe mabok koe ka perloeanana sorangan, nepi ka ngabe lauanana teh matak poho kana k-wad-jiban maranehanana noe dinomerbidjikeun. Njarta ngaraksa hoeripna hiroep si Leutik, noe dipati-patikeun pisan koe wet, tjeuk noe njaho.

Tah koemaha akalna?

Nanja ka rahajat, da kitoe sadjarahna.

Nanja ka noe kapapantjenan ngoeroes rahajat, kitoe deui tjeuktjoeaknana.

Koe Vergadering tjabang Pasoendan Tasikmalaja katimbang djadi beresna, oepama dina lebah ngaloearkeun tanah teh, Pamarentah moendoel timbangan-na Raad Kaboepaten.

Sababna:

Kahidji Raad Kaboepaten sakoemna teu beurat sebeulah.

Kadoea djelema djelema bisa samanea waktja balaka njaritakeun kaburatna, ari ka elid mah.

Katloe nembongkeun timbanganana ka Pamarentah laloesa heuteu koedoe bari roerat reret kana denglekna topi.

Moal aja atoeran kasoeroeng koe koeroeboekna kadoet.

Djadi matak enteng kana pagaweanana ponggawa Nagara.

Kitoe tjeuk timbangan vergadering. Malah moen teu salah harita rek njangkeun motie ka oenggal oenggal. Raad Kaboepaten soepaja Raad Kaboepaten noeroehoen ka Pamarentah, dimana rek ngaloearkeun tanah. Raad Kaboepaten dipoendostan timbanganana.

Bawa rasa koering, Pa tani, ieu perkara keur oerang kampoeng mah pohara moendelna. Koe sarab eta njoeheunteun ka oerang Soenda noe aja di Volksraad atoe boektina ka djrg. Otto soepaja hal ieu koe andjeunna dipedar dina pasamoan Volksraad.

Entong tjampoer kana soerat ngawang ngawang atawa perkara perkara noe keur noe leutik taja goenana.

Noe koedoe siemoetkeun teh kasehatan, tanah, tjat, djalan djeung pangadjaran, Noe sanesna mah sahajoeana.

Moega sing aja hasilna.

Amin!

**Pa Tani.**

**Pindahna Wadana-wadana di Provisie Pasoendan.**

R. Kd. Soeria Soemantri wadana Oedjoengbroeng dipindahkeun djadi Wadana keneh ka Balaradja (Tanggerang) sarta sabalikna R. Kd. Sastranagara.

R. Kosasih Soerakoesoemah Secre-

laris Regentchapsraad Bandoeng dipindahkeun djadi Secretaris Regentchapsraad Tasikmalaja, ari Secretaris Regentchapsraad Koeningan. Soetan Sjah Boedin Proehoeman, djadi Secretaris Regentchapsraad Batawi R. Soemintapora Secretaris Regentchapsraad Tasikmalaja dipindahkeun djadi Wadana Bogor.

Djaksa Soemedang, R. Kd. Soemadilaga, dibeneom djadi Wadana Tjaringin (Pandeglang).

**Congres Pagoejoeban Poetr Indonesia.**

Dina boelan December, taep ieu, dipostoeskeun, baris ngajakeun Congres di Djogja, sarta baris ngondang oetoesanana istri-istri sa Indonesia, kitoe deui pagoejoeban baroedak awe-we.

**Toean De Jeer.**

Dina tg. 5 Juni Toean De Jeer, tina hal njoempotkeun Communisten koe Raad van Justitie Batawi baris dipuriksa.

Tanggal 12 Juni baris di dakwa, ngabotodo ka Pamarentah, nja-eta malsoe ngalaporkeun hak ngadjoeroe.

**Koran Malajoe.**

Di Soerabaya koe oerang Arab (noe ngarorana) baris dikaloearkeun soerat kabar minggoean ngaranna ALMAH-DJAR maksoedna soepaja ngahidji pe-rasaan di Pangoembaraan djeung ugoeroes kaperloean oerang Arab.

Di Bandoeng baris dikaloearkeun soerat kasar p'ean koe Tioug Hoa basa Malajoe ngaranna MOESTIKA, Redacteurna oeroet Red. Perniagaan bareto toean Thio Tjui Boen.

**Kawah anjar.**

Deukeut desa 14 imah noe kabawa koe moedalna kawah.

Di Batoer riboet.

Tjeuk Aueta ti Banjoemas:

Poe Ahad isoek - isoek kira - kira satengah sapoeloe, sanggeus aja lini di desa Simbar poesurna kebon bako di distr. Batoer afd. Bandjarnagara oenjoeg oedjoeg beledoeg bae kawah bitoe, dina hidji moemoenggang, anoe hese disorangna sarta loehoerna oge 5000 kaki, deukeut ka Tjantilan Timbang. Hoedjan lebe djeung batoe anoe loehoerna 20 M. sarta bebedoegan; ti 10 nepi ka 20 M. roebakna leutak panas ngotjor, kandelna kira-kira 1 1/2 M. djaoehna nepi ka 2 K. M. Opat belas imah noe kabawa 10 baeo tazah 200 M. djalan noe kaeoeroegan diantara Batoer djeung moemoenggang goenoeng Dieng.

Bedja ti pihak Pamarentah:

Lini teh djaoehna ti Batoer 1 1/2 paal lilana 6 meuit, gedena kawah 25-15 djeung 60-35 M, kaajaanana saperti kawah Kidaag di goenoeng Dieng.

Bedja anoe teu sidik, kawah Tjandrimoeke anoe djaoehna ti dina aja 1/2 paal eurenno teu ngalolak.

**Inlandsche bestuur di Pasoendan.**

Djadi Wadana Politie di Bandoeng M. Satja di Wirija Wadana Politie di Serang.

Benoemd djadi Wadana Politie di Serang M. Haroen Atmawidjaja Wadana Tjaringin.

**Ti pipir hawoe**

Seuri seuri aja, keueul - keueul aja, maloem kasedep, kabeuki kami ti leuleutik - tjeuk si Moerdopang tea mah.

Ari heug make diidi papaswaan. Genra oeng nampa soerat ti mang Djamparing kieu osuina:

*Paros contra Bangboeng*

*Djang Gelenjoe,*

Mihape ieu, aloengkeun ka pipir hawoe:

Malem Saptoe tanggal 18 19 Mei 1928, kira-kira poskoel 8, di imahna Abah Wira Emon hareupeun kawadanan, aja . . . riboet, djalma djalma pahiboet wara wiri teu poegoeh tjabak, politie ti Kawadanan pahiboet, hoet het, soegan teh . . . Si Roda Mala ngamoek; djalma djalma tatangan noe keur saralat keneh ampir arabot, Toelak Panto oge teu tinggal paboerisat.

Aja naon? Aja naon?

Barang disidikkeun, sihoreng Paros Aroem djeung Bangboeng Anwar noe ngamoek teh. Nepi ka Djang Anwar beunteuna mani djamomom, ditondjok koe Agoes Madlan.

Abah Wira hoet het paneunggeulna pikeun mekprek moentjang tea ditjoeang-atjoengkeun, dibonek baboek. Kang oepas oge teu kantoen pahiboet.

Koe naon sababna?

Bangboengna Djang Anwar ieu aja noe ngelehkeun; pada njarangka gaga, dirampas koe Agoes Madlan rek diprekprek. Djang Anwar teu taha-tarang rek dibonek deui, teu kanjahan peureupna Agoes Madlan njasab kina beunteung Djang Anwar, Ger bae . . . pahiboet Tjoel moentjang kantoen bobotoh, tjara poeueh Garoet—Trogong. . . .

Kahajang teh, nja djing!

Oelah kadjongdjonan teuing, sing areling. Ieu teh lain djamanna papaswaan, tapi djaman ka tjai djadi salewi kadarat djadi salagak, pada toenggal darah Soenda, celah noe kitoe kitoe djadi papaswaan.

Suno emang  
Djamparing.

\*\*

Tah nepi ka kitoeana.

Kahajang teh atoeh oelah sok ngaloembar teuing napsoe, moentjang moentjang matak maen tjangoek, Geugeuj . . .

**Gelenjoe.**

(\*)

Ditjahoet pindah ka Balaradja R. Soeria Soemantri, wadana Oedjoengbroeng.

Benoemd djadi wadana Balaradja R. Achmad Wirjadikoesoema Ass. Wadana 1e klas Priangan Tengah.

Benoemd djadi Secretaris Regentchaps 1e. klas R. Soeria Soemantri wadana Oedjoengbroeng.

Benoemd djadi Ass. Wadana di Afd. Bogor Mas Wachjoer Mantripolitie di afd. Tjirebon.

**Djalanna kahiroepan oerang Priboemi.**

(Biantara Djrg. Odjoh dina koempoelan Pasoendan).

(Samboengan).

Pikeun djasana veartsnijkundigedienst tina perkawis perdjagian panjakit, parantos ditarimakeun pisan. Nangiug boeboehan alam doenja, diore sadjeungkal sok hajang sadepna, tjeuk kahajang noe dipadjeungkeun

tea sadaja ingon-ingon /noe dipilara koe oenggal djelema. Soemawonten pikeun patempatan (noemoetkeun paparios Bagchus sareng Smits (sareng Tjireton, Priangan ditempat tempat sisi djalan kareta api, Banten beulah kaler) sidik pisan pikeun kaperloanada tatanen teu moendingna (teu sapina).

Djoeragan-djoeragan! oepami bade njariekeun sagemblengna economie oerang Priboemi mah, kantenan factor factora masih keneh seueur noe kedah didaderkeun, sapertos: ngala laeok laeok, keradjanan, dagang, oeroesan boeroehna pkeollian, nanging tadi oge ti pajoen parantos kapijondjoek, noe bade ditjariekeun teh, saeuker tina perkawis tatanenna saeutik outikeun.

Ringkesna tjarios:  
1. Naek toeroenna presentna madjoena tjtah djawa kenging dianggo tjiri kana moendoer madjoena kahardjaja.

2. Pikeun noeroetan madjoena medal noe datang ti loear, djalanana taja lian kadjaba ti koedoe koe medal devi.

3. Beubeunanganana pare ti sapeolo Djawa, henteu nimbangan kana madjoena djawa.

4. Lamoen dibandingkeun madjoena djawa kana kaajaanana tanah didjero 10 taon (14 - 24) soesah diebatkeunana ngabandingna.

5. Ningal kana kaajaanana tanah noe atjan kajadian dibokea dibandingkeun sareng, kumadjeung ngarekahanana djawa, parantos merenah pisan P. Djawa ditoeoep pikeun erfpacht-ansvrage.

6. Noemoetkeun rapportna Mr. van Ginkel tedana oerang Priboemi teh kwaliteitna madjeng, lantaran ditjamperan koe hasil palawidja noe sanes, nanging sajakosna mah moendoer, margi tedana teh teu tiasa disisihihan koe barang noe sanes, oepami henteu kapaksa-paksa teuing mah.

7. Dina ngamadjengkeun tatanen kedah ngadamel heula vooronderzoek sareng voorbereiding.

8. Pikeun ngamadjengkeun sagemblengna tatanen oerang Priboemi, djigana perkawis ateraan groundpolitik teh kedah aja robahanana.

9. Soepaja panjawah - panjawah oelah diteuingteuinganan teuing koe noe karogongan sawah, perloe diajakeun palanggeran pikeun nangtajeungan, di satempat tempatna.

10. Atoeran emigratie roepina kedah dirohan, margi noe aja ajuna mah katingalna kirang panarikna ka djelema djelema.

11. Organisatie Inlandsche handel kedah ditoeungtoen beuer-beuer.

12. Veerartsnijkundige dienst ngamadjengkeunana ingon-ingon, oelah ngan woengkoel tina perkawis panjakitna bae (pikeun sawareh tempat).

### Biantara Djr. Wirasendjaja tina hal: "Tatakrama".

Kangdjeng Boepati sareng para djoeragan-djoeragan sadaja!  
Ti rorompok moela, samemeh mios parantos soempeng seunggh sarung hoream, ngalakonanana kana pauoel-doe para kintja, sarehna ngaraoe teu kaawakan. koe djsim koering, kawoe woech - woewoeh koe emoesan ageung pisan risicon a lantaran noe dipedar tea sanes loeloemajaan.

Disabat loeloemajaan soeh sanes lantaran sesah djdjerna, namoeng kaemoetna koe margi keduh tiasa njoemponan ka doe pehak, nja eta pehak kaom koeno sareng kaom moeda, toer noe sakitoe pakia - kiana.

Sadajana oge parantos sroeninga, noe cade dijalangkeun teh "tatakrama", noe dipiboga koe doe pehak tea, nja eta "koena sareng moeda".

Oenggal - oenggal pehak pada beda beda kahajangna, djeung toedjoenana. Anoe kahidji hajang ngoekohan kaajaanana asal, ari noe kadoea mak sa hajang ngarobah dijljeun tatakrama noe laloena.

Tah di dieu noe djadi poko kasehahan ka djsim koering teh. Biloeok ka kaom koena kenging panjauseul ti kaom moeda, nja kitoe deui lamoen biloeok ka kaom moeda, kenging se-saeode ti kaom koena. Ari lalahar dji sim koering mah sanes toekangna sadidinten ngolal. tatakrama, margi kirang lebo ka panggoeng ten, ngan tiap noeroetkeun loear noe poeng-

sah, sareng pangrasa anoe teu ma tak ngawaloeratkeun kana ugalamph keunana bae.

Sanadjan risicon a sakitoe ageung na, sareng katiasa djsim koering saktieu toenana, isin adjiroh oge ugawajahuakeun mabe, maksa medar tina perkawis ieu, koe emoesan perloe pisan ajana hidji tatakrama oerang Soenda, anoe kedah dianggo koe sareng, boh koe kaom koena boh koe kaom moeda. oelah misah-misah. Malah mandar bae, koe djsim koering peupouleukeuk dja noe heueuh teh njarita tina pasal ieu, djadi rame dibarempagkeunana. sarta ahirna djleg djadi hidji badan anoe sampoe, toer toerkeun djeung aggoeun sareng tea.

Djoeragan-djoeragan! Moal tamboeh tamboeh djsim koering ngagede-gefe keun wawanen teh, nanging bade karaua oepah, sanes ari oepah roepi doeit atanapi roepa barang mah ieu mah njoehoekun soepaja fisici anoe sakitoe ageungna tea karasna koe djsim koering, kersa pada njoendang koe sadajana, malah mandar dja di kaentengan ka djsim koeringna.

Koe djalan koemaha meureun saor sapalih para djoeragan teh?

Ih eta mah taja sanes moeng koe djalan ageung tjoeoep loemoer, sareng djembar pangampora, doe kaom noe kapijondjoek tadi tea. moegi oelah nibaukeun katendoan ka dji sim koering, sapedah djsim koering henteu ngiring kana kapalaj arandjeunna, margi ngahadja pisan anoe bade didaderkeun teh anoe henteu biloeok ka ditoe ka dieu, estoe sigar tengah pisan, dibantoe tengah-tengah na, uja eta soepados pada sami ngadangosan anoe doe pehak teh, geu san toemoetkeun djsim koering sareng oerang rea.

Sakali deui njoehoekun sih hak-sami samoedajana, bubakoena anoe pangpangna dipoentangan Kangdjeng Boepati, sareng parantos timpah noeloen ti anggalna keneh kana samoe-kawis hampoenten anoe bade kapasih keun ka djsim koering tea.

### BOEBOEKA.

Sanadjan oesoem keur preugkoelan pakoesoel, padjamanan pipudahan, lantaran kateumbag koe djalanana lambak paneka kamadjoean, sarta oerang, oerang Soenda, soemawonna noe djadi goeroe mah, oelah ngaloeli loeli kana tjiri wantji kabangsaan (langsa Soenda). Bangsa oerang oelah leungit, bangsa oerang oelah moesna kabawa koe sakaba kaba, tapi ageungkeun, loehoengkeun koe noe ngabogaan bangsa. Bangsaana sina uandjoeng sina mojan dina alam pawenangan.

Anoe pohara koedoe diparana dina tjtjiren kabangsaan, teu aja lian kadjaba ti tatakrama bae, warisan nini aki bae tjanggahwareng oerang.

Ari tatakrama eta tatakrama soeba eta, anggal oenggoeh dina enggoniug oerang tjtjamperan djeung sasama pada manoesa.

Demi bae nja eta omongan anoe dipake koe oerang saari ariua.

Tata djeung bae saalawana koedoe babarengan, teu meunang papisah, tjara elmoer reudjeung amal. Lamoen paboerentaj, balui, tangtoe patoeraj kabangsaanana.

Malihara tata bae teh lain koedoe toekoh keneuh kendeuh ngeukuhau sakoemaha noe djol ti karoehon oerang, tapi hiroepna sina moeloe, goemelarna sina djanglar, sina ngindoeng ka waktoe, mibapa ka mangsa. Sabab tata djeung bae misil noe hiroep bae, tara langgeng tara deng-deng, robah robah noeroetkeun ombak padjamanan.

Tjontona: Tata bae anoe loembrah dina alam katoekang toekang, anoe aja doe tiloe poeloh taenana, geus teu ilahar atawa geus teu kapake pisan dina djaman ajerna, sabab sabab djaman aja barobahanana, tjara dina model papakean bae, saesoem-saesoem, aja lantjangan gambaring, aja lantjangan meretjef dj. l.

Tah tata sareng bae oge nja kitoe pisan, aja noe dirobah, aja noe ditambahan djeung aja noe leungit pisan. Eta geus teu beunang dirobah deui, da geus kitoe karepna djaman, ngan sarat oerang koedoe daek tjoeat tjatet dina boeko, bae noe geus teu kapake teh goear goearun anak intjoe mangke di ahir.

Geusan makena tata bae tea katjida pisan heena, lain soesah loeloemajaan, sabab palaman ajuna teh beunang dibagi 3 bagian:

1. noe hajang ngoekohan adat karoehon (adat boshoen).

2. noe sigar tengah.

3. noe kaom moeda pisan (teu lajajag ngaretet kana pakoesaan).

Katoeroeg - toeroeg sok aja oge noe hajag diadjenan ondjo, leuwih tina adjen awakna.

Koe lautaran ieu masalah anoe katjida moeskilna, oerang perloe pisan tapis ngidjir pangadji awak sorangan djeung awak batoer.

Demi petana oerang koedoe bisa ngoembang ngoembang djeung nimbangan nimbangan.

a. kana kapangkatan.

b. kana ontwikkeling (elmoer ka-oeninga, pangadjaran djeung pangaweroeh.)

c. kana kaajaanana (kabogana).

d. kana toeroenan djeung

e. kana oemoer.

Dina prakna ngabargaan sorangan djeung awak batoer teh, oelah ngigetkeun (noeroetkeun) kahajang sorangan bae, tapi koedoe rempoe reudjeung batoer, oelah litjik ngamahalken diri pribadi, ngamoeroeh badan noe lian, eta koedoe singkahan.

Sanadjan oerang njeun patokan kitoe, sok aja tae mahiwalna mah (teu nitzondering bevestig de regel) anoe teu beunang dikoeoepkeun kana bagbag anoe geus disebet di loehoer. Tjara model doenoengan djeung bawahan.

Di palebah dieu patokan teh meh teu aja gawena, ngan kari koemaha noe ngarandapan bae. Koe noe teu ngawakan teu koedoe diganggoe, diharoebiroe, dibebener, antep sakarepna bae.

Ari sababna di dieu aja doe tiloe roepa noe djadi lantaran:

Ka hidji koe lantaran aja basa koe doe noeroetkeun dengdekna topi, kadoea bakating koe hajang kapake koe noe djadi doenoengan, katiloe noe dja di doenoengan hajang nembongkeun kakawasaanana, djeung rea-rea deui.

na noe djadi bawahan moeroegoel teu noeroet kana karepna noe ti pajoen temahna tjilaka kana bedana.

Kanajaan noe kieu teh nja eta anoe-dis eboet koe batoer abnormal toestand Kadjaba ti anoe geus didjoedjoet di loehoer tea, aja deui noe koe oerang koedoe diemoetkeun nja eta tempat. Oenggal-oenggal tempat sok beda beda kabiasaanana, mapan aja babasan: Djawadah toetoeing biritna, satjarana satjarana. Lamoen oerang toekoh Tjiboeroej, ngoekohan pangadatan djeung kabiasaan satempat bae, bo laper, temahna ngadjadikeun patjogregan djeung kanta.

Koe sabab eta perloe pisan oerang koedoe pindah tjai pindeh tampian, noeroetkeun pamake noe ilahar di eta tempat, geuning saor sepoeh, tjiri saboemi tjara sadasa.

Tadi di loehoer geus kapihatoer, tatakrama teh koedoe ngiudoeng ka waktoe mibapa ka djaman. Sabab geus kabangkitan patokan kenging Djoeragan Kandoeroean Ardiwinata oepama dianggo alam ajuna, geus karasa beurat teuing dilakonana, nepi ka loba noe koedoe dirobah sareng ditambahan.

Nja kitoe deui patokananana koe oerang dibarempagkeun ajuna, tangtoe engke di ahir koe anak intjoe oerang karasa jen koedoe diemoer deui noe roetkeun kamadjoean atawa pamake sadjamanna-sadjamanna, lantaran anoe madjoe teh lain ngan ontwikkeling bae, tapi sagala roepa kaajaan djeung kaperloean oge oenggal-oenggal waktoe madjoe beda djeung ka toekang toekang.

Oetamana dimana koe oerang geus dibarempagkeun patokananana ieu tatakrama, koedoe disoehonkeun adviesna saeoe noe perloe meunang kahor matan atawa dihormat, tjara para boe pati djeung salianana, nja eta soepaja adil. Karep djeung kahajang oerang kaoninga koe arandjeunna, djeung sabalikna.

Dina gokna papanggih djeung panggoeng anoe tjepanganana saperti djrg. Meijer Ranef lid Volkraad, anoe palaj ngahoedangkeun deni adat koena, menak menak koedoe papajoeangan nganggo rangkedoeh ngarah pamor, malar gede kahormatan, atoech dipalebah dieu mah oerang koedoe sigar tengah bae, noeroetkeun mana anoe loba setem djeung bisana noe kaalaman ajuna.

Panoetoep pihatoer moega sadajana oelah lepat-anggapan, ieu tatakrama teh kaanggonana ngan dimana keur nganggo tata Soenda bae, oepami keur nganggo tata Walanda mah, nja tata ieu bae sing djoesoen, Moeng mangka bade oepami oeningana kana tana noe lian teh sabelah sapotong mah langkoeng bae ngoekohan tata oerang

bae, margi lakoe kitoe teh katjida belegeogna, teu njaho di adat, baloe-karna dipitjoea koe sadajana.

Kawoewoeh teu kedah diterangkeun deui, di mana make tata batoer, bae na oge koedoe kabawa.

Moegi diemoetkeun.

Samboengceun.

### Kaatohan.

Koering, Bapa boedak, meunang hikmat anoe pohara tea, barang matja dina Sip. noe kamari ieu ngaran ngaran baroedak noe saeop ka sakola pertengahan sarta kalawan eksamen heula. Memang ari oenggal taen tea mah matja ngaran ngaran baroedak, sarta enja atoh, nendjo bangsa koering pada saroson soen neangan kapinteran, tapi iangan ieu asa leuwih ti sasari.

Eta asa geus bueit maksoed, doe-meh dina antara moerid-moerid noe mareunang samen teh kasebet ngaran ngaran baroedak "H. I. S. Pasoendan".

Geuning tjelah: Noe meunang samen technische school (K. W. S.) Oedia; Sadeli, Soehana moerid moerid H. I. S. Pasoendan.

Toer boetak koe kaopat oge tjuek bedja, henteu oedjoeg-oedjoeg goebrag eleh, koedoe her examen deui (koe lisan).

Beuki tambah tambah kaseogemau hate, barang kamari pisan ti salah saeorang kawawoehan ti Tasik meunang bedja aja moerid H. I. S. Pas. noe miloe samen keur ka H. I. S. Sarta meunang noe saerang (Soelaman); ari noe saeorang deui koedoe her examen.

Panoehon ka bistir Pasoendan

atawa ka Red. Sipatahoenan, soepaja warta noe tjara kitoe, noe matak djadi kaboengaban ka elid Pasoendan tjabang Tasik pangpangna, ditempatkeunana dina soerat kabar oerang, dina tempat anoe oedjoeg - oedjoeg breh kabatja.

Pikeun koering lain sisiwo boe- ngalna matja noe kitoe, sabab enja- oge koering ngan oekoer djeung oekoer bae ngabantoe ka Pasoendan, tapi . . . . . ngabantoe, sarta ajuna ngarasa meunang boeroehna, nja-boektina koe kaseogemaan hate (vol-doening). Soegan djeung soegan bae djadi panjoereng ka elid-elid pikeun nambahan kagelolanana dina ngamadjoekun pagoejoebun oerang.

Jaktos, kaharti pisan, noe matak teu ditjatak dina tempat noe opval-lend (baburi katendjo, kapanggih), eta-meureun bisi aja noe njeboetkeun "goeng nabeuh maneh".

Eta bawa rasa koering, lebah dieu, teu merenah, lain kitoe koedoeana. Sagala noe enja, noe gede mangpa-atna pikeun pagoejoeban oerang, koedoe diebreh ebrehkeun ka babatoeran. Lain kaloer tina hate dir, ieu aing, kamagoengan, tapi tina pangharepan noe beresih, hajang ngadeudeul kamadjoean tanah oerang. Hanas koe batoer dianggapna mengpar tina maksoed oerang, nja dalah dikoemaha. Tapi teu koedoe leutik hate, sabab si beuer salawasna awal ahir koedoe kapanggihna.

Ka para mitra elid elid sareng wargi Pasoendan panoehon moega ieu hasilna pagoejoeban oerang, sakola oerang, sing djadi petjoet geusan nambahan pangdeudeul oerang ka koempoelan oerang.

Bapa boedak.

## Klein AMBTENAARS Examen.

### CURSUS DI TASIKMALAJA.

Soegri noe bade lebet, sae soemping barempag sareng:

Toean J. van HINTE  
atanapi KARTADIPRADJA  
Goeroe-goeroe Schakelschool Tasikmalaja.

### SERAT KINTOENAN.

Sarang, 20 April 1928  
Kahatoer Redactie Sipatahoenan di TASIKMALAJA.

Sarang hormat.

Ningal dina lampiran Sipatahoenan No. 42 aja artikel: "Boentoet Goedroed Bandoeng" sareng dina eta artikel aja ketjap MOESA BOND.

Soepaja henteu djadi teuing kaliroena djelema loba, sim koering di dieu ngahatoerkeun katerangan saeutik.

Manawi henteu lepat dina tahoen 1917 atanapi 1918 Kandjeng Dalem Garoet aja manah ngadegkeun perkoempoelan, minangka tatalian wargi, noe sami toeroenan ti Djoeragan Moechamad Moesa Hoofd Panghoeloe Garoet marhoem.

Ka saeoe pala wargi andjeunna parantos ngintoenan circulaire, mak-sadna sepados wargi wargi kersa ngadeudeul kana pangersa andjeunna, ngadegkeun perkempelan wargi ti: Moesagralacht. Koemargi aja daja cepaja eta disangkana koe djelema loba aja perkempelan Moesabond.

Sakoemaha katerang sim koering ieu perkempelan wargi teh henteu kantoer djadi, margi karoroanana wargi wargiua henteu moepakat kana ngajakeun perkempelan saroeopi kitoe; timbalan Kandjeng Dalem Sarang tea mah, tatalian kabaraan teh moal kenging dipageuhan koe djalan perkoempoelan moeng tatalian teh paguhna koe kasamian toedjoean.

Kapan oerang teh sanadjan sami wargi, namoeng oepami teu sami toedjoean djadi misah, sawangsoelna sanas sanas wargi oepami sami toedjoean kapan djadi ngahidji.

Koemargi eta ieu perkempelan teh, tina roa teuing noe ngabantah ti pihak wargi wargiua henteu djadi;

oepami aja noe njebat Moesabond teh eta lepat pisan, margi sajakosna henteu aja, malah timbalan Kandjeng Dalem Sarang mah moal tiasa aja.

Katerang sim koering noe aja kempelan wargi teh moeng di tiloe tempat nja eta: Soemedang, Tasikmalaja sareng Bandoeng, namoeng doeka teuing, naha sadajana aja keneh atanapi geus teu aja.

Hoermatna poen  
Imbi Djajakoesoema.

### "Cursus Goeroe desa bade disamikeun sareng Normal-school?" (KLAS 1-2)

Saemoer njoenjoehon hoeloe doe-melah terang di Normal, bet nembe ajuna terang kasjaan (kadjudian) noe saroepea kieu. Eta kitoe pedali boemi moentir?

Tjubi darangoekun.  
Ngawitan pangadjaran taen 1928, di Normal-school Poerwakarta seueurna moerid di klas 2 (doea), aja 28. Doepi kedahna 30 moerid.

Koemaha akalna? Tangtos kedah ditambah sanes? Nanging njandak ti mana? Kanggo djsim koering teu tiasa moetoes djalaran pangadjarandi N. S. teh kaetang sesah. Koemaha ma nah djoeragan-djoeragan?

Babakoena djoeragan-djoeragan karoeran sareng Djr. Goerde N. S. da kanggo noe ti loehoer mah geuning gampileun pisan, ana djebroed-djebroed teh njandak ti . . . . . cursus goeroe desa noe nembe naek ka klas 2. Adoeh! eta mah sanes kaeroeran madoe deui, nanging kaeroeran moe-tjara, margi moerid noe "gede milik" teh. dina waktoe ngekamen pimoe-rideun N. S. klas. 1. (di Poerwakarta

ping 30 Januari 1928) manehna teh ngiring, sarta . . . lapeur teu kenging doanana deui ngiringna teh. Djisim koering teu weleh-weleh moedji kana milikna eta doa moerid, sareng pamoege sing satrasna kitoe.

Nanging sanaos kitoe oge teu weleh tjangtjaja bisi dina naekkeun ka klas 3 teu tiasa naek, margi saba noe era saba noe roegi? Padahal di klas hidji . . . . . aja noe parantos kadoea taoen ieu, kitoe deui aja noe parantos kaloeur ti curcus G. d. na, malah dja di no. 4.

Hormatna.  
K. Tiana Soedjiana  
Socakari.

### Inl. Geluktelegram.

(Silatoerahmi).

Keur waktos bade Congres Paoendan, di Garoet; Tjabang Bandoeng parantos ngadamel voorstel, soepados P. T. T. dienst mere gelegenheid ka oerang Indonesia, keur nganggo geluktelegram dina waktosna Lebaran Sjawal anoe hargana f 0,50 tea sakali nelegram. Da oerang Europa mah anoe taoen baroena sasil Januari ti kapoengkoer oge, parantos diidinan njalmetkeun koe telegram dina waktosna taoen baroe, nganggo harga moerah. Naha ari bangsa oerang henteu bisa diidinan, dina Lebaran Sjawal? Da bangsa oerang oge nganggap saroea perloena, kama menta silih hampeora.

Koemargi keur waktos kongres Paoendan teh roepina seueur plean, voorstel - voorstel anoe parenting, voorstel eta - teh, henteu kapoetoes koe kongres, doegi ka lapeurna.

Sanaos eta voorstel, henteu teras dieoerana koe Congres, roepina koe hidji lid Tjab. Bandoeng, diteraskeun ka lebet, soesoeganan, nganggo tuschenkomst hidji ambtenaar P. T. T. noe didamel di H. B. telegrafie, ngabadantenkeun tina perkawis eta.

Noeboa ka H. B. P. T. T. dienst, rebna dina lebaran kamari ieu pisau, parantos ngajaan geluktelegram; dja henteu milihkasikeun deui ka oerang Indonesia.

Doepi basana anoe dianggo, keur njalmetkeun teh, basa Walanda sareng Indonesia sapertos Soenda, Jawa sareng Malajoe.

Roepina taoen ieu mah, henten saeomaha seueurna, anoe nganggo teh, margina teu atjan seueur noe tarerangeun.

Baktos a. k.  
Bestuural. Pas. Tjab. Bd.  
A.

### PIKIR?

Ganti taen,  
toetoeop taen  
Taoen deui,  
taoen deui,  
Ganti boelan,  
beak boelan.  
Boelan deui.  
Boelan deui.  
'Mo beak kapenasaran,  
'moen hantem dibocelak balik!

M. G. K.

He Allah, Goesti noe rahman.  
He Allah, Goesti noe rahim.  
Abdi neda ka Gamparan,  
didjarang tina balai,  
balai lahir batin.  
sasoegri bantjang pakwoeh,  
samoekawis mara bahja,  
ti beurang rawoeh ti peuting.  
Noen, toemamprik koemambang dina Keresal

Teu aja geusan salempang,  
'moen oerang ngantjik di Jakin,  
saperipolah di dinja,  
lakoe lahir, lakoe batin,  
misil oerang Tjiamis,  
mendekoer di Bodjong Galoeh,  
'na palebah pangjalikan,  
oesik, malik boh 'na tjiyting,  
kerna Allah samoekawis lakoe lampah!

TJAMIS 31 Maart 1928.

### Makan - pagi.

KOELON - WETAN.

A. Goesti Allah, sipat adil,  
ngaoerkeun naon?  
B. Naon naon bae.  
A. Har, kapan, 'njalira' (teu ren-  
tjangan).  
B. Poegoeh, 'keur njalira' noe

djoel djol oeroeseun teh, kajaning srik, pidik djoedes, dehtan, teu pasrahan, hambaman djet.

Tah, eta oeroeseun andjeunna woengkoel.

A. Noe kitoe mah, kabeh oge sipat sipat noe sok toemempel di oerang (unahloek)

B. Sesemperan ka - Allahan, anoe dja jadi silaing, ngaranna mahloek. Tjara saketjak tjihoedjan ti langit, datangna ka boemi, dja jadi tjiileung tjang, pinoe koe kokotor; nja saring-saringeun.

Boektina di oerang, aja kaemboeng djeung kahajang kangewa karoesep, djab.

Tadina maha soetji, beresih teu warna teu roepa. Aja soeteh sipat 20, ngarah deuleueun noe awaseun bae, atawa deungeun noe tjeulian; aja naon, manggih naon saeunana. Lain lantoeunganeun noe abrag tintjak, da eta mah panjentak tamba poeroetoel teuing.

A. Naon noe dja jadi panjentok teh boektina?

B. "Tjarita", oekiran boedjanga noe saenjana. toetoerkeuneun dimana silaing poekneun.

A. Koemaha njahona poekneun?

B. Poek ge, lain ari njaho mah. Kapan ari njaho teh oeninga, (sipat ka Goestian) Ari poek, ka abidian, noe matak noe kaantjikan sipat, ka-abidian" sok hina.

A. Hina naonana?

B. Lolong, terek, pirem, djeung sa gala roepa, nepi ka taja daja oepajana, kieu teu ladjo kieu teu ladjo. Malah ari malahna mah tjeulina ngadenge, matana neuleu, tapi saroea djeung henteu.

A. Na koemaha noe matak saroea djeung henteu?

B. Aja omong, teu koengsi karasa koe diuinana; aja aja, teu koengsi kapanggih koe diuinana; eta kabeh lain saroea djeung henteu?

A. Ari koedoena?

B. Ari koedoer koering mah (bahu la), aja basa: "Karasa karasa teuing, pertjaja mah, pertjaja bae, Aja mah, aja bae, (tong mapaj mapaj boek ti, pamali ngora keneh, djeung lain sorang-soraneun bangsa Aolia)" . . . . . aying lamoen bangsa Aolia)

A. Koemaha ajeuna?

B. Ajeuna mah ngaranna ge ajeuna, kamari mo balik deui, pageto moal kalengok. Aja sing poegoeb ajana, seungit sing kaambeu seungitna.

A. Enja kapan Pangeran mah teu di loeboer teu di handap.

B. Tjek iraha?

A. Sanadjan iraha iraha ge, angger bae kitoe, teu di wetan teu di koelon.

B. Sanggeunna sagala henteu, naon gantira?

A. Nja eta, gantina ge teu aja.

B. Itoe teu aja, eta teu aja sagala teu aja.

Tjik rerasakeun, soegan manggih deui noe aja, sadjaba ti sorangan.

A. Sorangan ge, enja enjana mah teu aja.

B. Nja enja, teu aja kasorangan" mah, sok ngetjewis: Paingan noe ngadenge - Nage, teu koedoe koe tjeuli.

A. Naon hartina teu a a kasoranganau?

B. "Euweuh kadewekan", da kaberoe dja di dewek.

Euweuh kakatjangan da geus dja jadi katjang anoe boekti.

Euweuh kalahangan geus dja jadi manten peneut.

Peuteu teu koengsi njaho ka lahjang tjara dewek teu koengsi njaho ka Allah; noe matak Goesti noe sadjati mah, moel beunang dikanjahoekun, sok kaberoe dja di noe nganjaho keun.

A. Oepama kitoe oerang teh nga koe Allah sorangan?

B. Ari kana ngakoe djeung teu ngakoena mah eta tergan toeng kana wawanen saorangan saorangan. Ieu mah lebah tjarita, peuteu teh djadjaden lahjang". Noe maksoed kana "goela" wajahna noenggoe.

Noe hajang djol legoek, nja todong oge tina lodong, soegan teu naon naon. Moen rek diarab basemua woengkoel, koedoe daek sabar moe, kadjeun teu ka hawoe oge.

Tah noe matak napei napei, sakaresepna, sakasoengna, sakahjongna, teu koedoe sili sanggerengan atawa silih pentog djeung sasama, da toenggal ti kakawoengan, soemawona mamawa samara pahinaan mah boh hina saer, atawa hina koe pamolah.

A. Koemaha, oepama diantep mah sakaresepna-sakaresepna, sakahajanga sakahajanga moal aja kaberesan sanadjan ka nagara oge, aja majar pdjeg, aja noe henteu meureun.

B. Lahang noe geus dja jadi goela, teu koedoe koe oerang dipikalinggis atawa moen dipikamelang "sieun bet dja di tjoea".

Anggoersi mikiran mah, goela bae, koema dipolchkeunna, sangkan oelah "toeroen nama" tadi tadi goela tegar, dipigawe dja jadi goelali remoek teu poegoeb, gede teuing leutik teuing, hese ngadoeikeunana lan taran ti teu tapis noe migawena.

A. Naon karoejianana? tadi amis, ajeuna amis.

B. Hanteu aja, lamoen akad toea-  
ngeun noe kagoengan; da koerang leuwihna kaberoe katampanan koe kasoeka djeung wajahna. roemasa bongon sorangan.

Anoe sok rea patjektokan tea mah, oeroesan loear kalangan sorangan. Djiga hese, tapi babari.

A. Koemaha babarina?

B. Antep, keun bae, heug bae, pek bae.

A. Koemaha koedoe antepan?

B. Antepan atul! Keun pikiran sina digawe (molah).

A. Koemaha djadina?

B. Pamilih, tjara nagara ngantep ka lalakilalaki noe mawaan aweu aweu, tapi katangoeng moal kieu kieu.

A. Meureun bae ari psmadjikauana mah.

B. Tah, soegan kabarti meuseusan, geura kieu:

Demi oeroesan kasorangan (ka aingan) anoe molah teh "ati."

**TOKO  
NIC MULLER**  
Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.  
**TASIKMALAJA.**

SAGALA LANDONG SAJAGI.  
Oepami moendoet prijskoran kenging pry.

Anoe parantos kenal di toko kenging NGABON (rekeuing) Rembours ka mana-mana anoe teu atjan kenal. Sajagi: Verbandtrommel (tromel anoe dieusi koe sagala kaperloean di noe tebih ti dokter atanapi ti roemah sakit. Pohara perloe disajagikeun di desaa.

kabar djeung atoranana kenging di toko.

Pangaos compleet moeng 12,50 f 1,—  
Sajagi: PAINKILLER (landong sariboe goena) anoe tiasa di-diango kana sagala kasawat di djero sareng tiasa diango ngosok salira.

Sajagi: TJELEP (sipoehan) anggoeun njelep rakoekan, samping badjo s. n. k.

Sajagi: Sagala landong Patent sareng sagala landong noe sanes". Pangaos tjotjog pisan.

Sajagi: Bangsa kolonjo, lisah seungit wedak wedakan, pondokna ka perloean toilet isti sareng pameget.

Sajagi: Seepeun sareng goela-goela. Mangga tingalian ka toko, di tampi sareng kawoningan hate.

Noe ngantos

**NIC MULLER.**

**Schoonkrijg en Kloermakrijg**  
"Malah Mandar"  
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkeana) ngadamel roep-roep rakoekan anggoeun pameget atanapi moerangkali mendina tiasa noemoetkeun sakoemaha kapal, sareng disajagikeun roep-roep lawona.

Oge njalagan slop-slop, sandal-sandal spatte-ropatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kassar sareng noe sae.

Hormatna noe ngantos pesenan poen

**O. Sasmita.**

N. B.  
Teudoeng Panama  
noe didamel tina palm f 8,—  
" " " djakni f 2, 50  
stroba (pamoelasa) f 0,25

**Preanger Chemicalien  
Handel**  
Telefoon No. 76.

Selamantja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainnja, Minneman, Serotet, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekakas potret.

**TAN JOE AN**  
**TOEKANG GIGI**  
Dimoeka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi. Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantas.

**H. I. S. Paoendan Tasikmalaja.**

Nampi pimoerideun pikeun klas I sareng voorklas ti ngawitan saah MEI 1928 doegi ka 15 JUNI '28.

Noe bade ngalebetkeun moerangkaliha, sae soemping ka kapala H. I. S. Paoendan taboeh 9 endjing-endjing sakalian moerangkaliha ditjandak nja eta ti ping 1 MEI '28.

Berteur H. I. S. P. Tasikmalaja.

**Toko "d' ORIËNT"**  
**(TOKO SOENDA)**  
Naripan (Ketapang) :-: Bandoeng Telf. No. 2328

Ngabantjangeun roepi-roepa entjit noe aja di Toko Walanda, tasch Istri s. d. t.

Ngabantjangeun roepi-roepi kaperloean Handwerken spertos Wol, kain stramin s. d. t.

Agent ti fabriek tjet batik schilder sareng Spuitbatik "Iris" anoe parantos kasohor kasaeana, pangaoes schilder batik 1 flesch f 0.60. Ngagaleuh seueur langkoeng mirah.

Moegi dja di kaoninga dina wengi Ahad manis ping 28 Hapit 1346 atawa ping 12/13 Mei 1928 taboeh satoe poen bapa Atmo Proewita parantos tilar doenja moelih ka Rachmattoellah. Njoeboenkeun sih hibar pangeatsoe soepados urwahna poen bapa ditampi koe Goesti noe maha Soetji di djaman baka.

Kalihna pribados safamilie matner sanget seuwee noehoen ka sadaja para djoeragan para mitra istri pameget noe parantos sami soemping ngalajad, sakalian djadjap lajon ka pakoehoeran.

Koemargi eta moegi Goesti noe maha Soetji karsa males boedi kasaean ka sadajana.

Kairing koe hormat pribados  
Safamilie  
**Proewita Trisna, Parigi**  
via Bandar S. S. w. l.

**ELECTROTECHNISCH BUREAU**  
**C. A. GRANPRÉ MOLIÈRE**  
Naripan No. 103 Telefoon No. 2120  
**BANDOENG.**

Mendjoel dan bikin betoel MAGNEET, Dynamo, Starter, Accu, Deico enz.

Segala barang jang didjoel dan dibikin betoel. dengan me-make tanggoengan (garantie)

Kaloe toean maoe tnoe, kebaikan dan kebagoesannja daganan dan pekerdjaan saja, diharep toean menjaksiken ke tempat saja, atawa bertanja kepada saja poenja langgaungan-langganana.

**Toko Boekoe**  
**TROMP DE HAAS**  
voorheen toko WEBER  
DJALAN STATION No 12. 1. 1. TELF. No 13.

Sajagi roepi-roepi: Vulpen houder sareng parobot sakola sareng Kantor Ngitjal penmas pikeun vulpen.

